ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЬЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№49 (21.707) ● 2010 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 24, бзрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Къэрал къулыкъущІапІэхэр

ЗэфІагъэкІахэм арэзы тохъуэ, къапэщытхэр ягъэбелджылы

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен гъатхэпэм и 18-м Правительствэм и Унэм щригъэжІуэкІащ республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кІалэ округхэмрэ я щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм я зи чэзу зэІуІэр.

АБы ЩЫЗЭПКЪРАХАЩ 2008 - 2009 гъэхэм Дзэлыкъуэ куейм щызэфІагъэкІахэмрэ мы илъэсым нэхъыщхьэу кІапэщытхэмрэ.

ЩІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Шэт Мэчрэ Іил** зэрыжиІамкІэ, финанс-экономикэ кризисым кІыша гугъуехьэхэм щхьэкІэ хъэмынэу, псэуныгъэр къыззэзыгъэпэщ Іэнатіэхэр зэпІэзэрыту икІи зэуІуу лэжьащ. Нэгъабэ куейм мэкъумэщхэкІыу сом мелиарди 2,1-рэ и уасэ къыщрахьэлІэжащ. Ар 2008 гъэм зэрыхъуэм процент 17,2-кІэ щІегъу. Хозяйство лІэужьыгъуэ псоми Іэщ гъэхъуным хъарзынэу зыщграгъэужь. Илъэс блэкІам былымылрэ джэдкъазылу тонн мини 5,2-рэ, гъэщу тонн мин 54,2-рэ къапэжьащ, джэдыкІэу мелуан 11,1-рэ кърахащ. А бжыгъэхэр зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу, 2008 гъэм елъытыгъэу процент 14,1-кІэ, 9,4-кІэ, 11,9-кІэ нэхъыбэщ.

- «АПК-м зегъэужьын» лъэпкъ проектыр гъэзэщІэным ди мэкъумэшыщІэхэр жыджэру зэрыхэтым фІы къфокІуэ. Къэпщтэмэ, «К-744» тракторым хуэдэу 5, «Беларусь-1221»-м щыщу 2, гъавэ зэрыІуахыж комбайну 12, МТЗ-82, МТЗ-80 трактору 9 лизингкІэ къащІэжащ, - кьигъэлъэгъуащ куей администрацэм и унафэщІым. - Нэгъабэ ди хозяйствэхэм мэкъумэшхэкІыу тонн мин 51,5-рэ къыщрахьэлІэжащ, мы зэманым Іэщыпхуэу мин 39,1-рэ щалыгъащ. Ахэр нэгъабэрей бжыгъэхэм щІегъу.

Отчет лъэхъэнэм кьрибыдэу куейм и промышленнэ предприятэ 11-м продукцэу сом меларди 3-рэ мелуани 117,8-рэ и уасэ щагъэхъэзыращ. Ар зэдгъэхьулІэну зытедгъуэм и процент 246,9-рэ мэхъу. Абы и процент 99,6-р ерыскъыпхъэхэм елэжь Іэнатіэхэм хуоз. 2008 гъэм елъытыгъэ «ЩІыналъэ-зэпІэзэрыту икІи зэуІуу лэжьащ. Нэгъабэ куейм мэкъумэшхэкІыу сом меларди 2,1-рэ и уасэ къыщрахьэлІэжащ. Ар 2008 гъэм зэрыхъуэм процент 17,2-кІэ щІегъу. Хозяйство лІэужьыгъуэ псоми Іэщ гъэхъуным хъарзынэу зыщграгъэужь. Илъэс блэкІам былымылрэ джэдкъазылу тонн мини 5,2-рэ, гъэщу тонн мин 54,2-рэ къапэжьащ, джэдыкІэу мелуан 11,1-рэ кърахащ. А бжыгъэхэр зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу, 2008 гъэм елъытыгъэу процент 14,1-кІэ, 9,4-кІэ, 11,9-кІэ нэхъыбэщ.

- «АПК-м зегъэужьын» лъэпкъ проектыр гъэзэщІэным ди мэкъумэшыщІэхэр жыджэру зэрыхэтым фІы къфокІуэ. Къэпщтэмэ, «К-744» тракторым хуэдэу 5, «Беларусь-

● Политикэ партхэр

Жылагъуэр зэкъуэувэну къыхураджэ

Ди газетым зэрытетащ, КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен гъатхэпэм и 19-м республикэм и Парламентым Зыхуигъэзащ. Иужьрей илъэсипІым Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызэуэжьар щыгъэпкърихащ, 2010 гъэмрэ къэкІуэну илъэситхумрэ зэфІэтхъитхъэу кьилытэ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр щигъэнэІуащ, ахэр гъэзэщІныжьКІэ щыІэ хэкІыпІэхэр щъэбелджылащ. Президентым Парламентым Зэрызыхуигъэзам щІэуэ халъэгъуам и гугъу ядоГъэщІ КЪБР-м и Парламентым и депутатхэм.

Жаным Руслан, *КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэм и япэ кьуэдзэ. «Зыуэ щыІ Урысей» партым и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ:*

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен илъэсипІым кьриубыдэу зэфІагъэкІащ зэхилъхьэжри, мыгъэрей кьалэнхэр игъэнэІуащ. Абыхэм гугъэшхуэхэр уагъэщІ Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэмрэ щыхуэхэм я псэукІэмрэ зэпІэзэрыту зауэжьну. Щыхуэбгъэхозяйствэхэм и унэтІныгъэ псоми екьулІэныгъэ щыдиІэщ. ИлъэсипІым кьриубыдэу республикэм и бюджетым хуэдизкІэ хэхъуащ, федеральнэ центрым ахъшэу кьыдитыр процент 72-м щегъэжьауэ 54-м нэс кьехащ. Ар екьулІэныгъэшхуэщ. ЩІыхуэхэр зыхуей хуэгъэзэным, защІэгъэкъуэным хуэхах мылькур илъэс кьэс нэхъыбэ мэхъу. Кьащтэмэ, социальнэ программэхэр гъэзэщІным, республикэм и щІыхуэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным мыгъэрей бюджетым и процент 65-р хуауэтІыпщынущ. Президентым кьыхихъэщащ политикэ партпсори жылагъэр зэкъуэгъэувэным зэрыхуэлъэкьапхъэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и нобэмрэ къэкІуэнымрэ зэлытта Іуэхущ ар икІи дэтхэнэми хуэзэфІэкІ ищІэн хуейщ, мамырыгъэмрэ зэгурыІуэмрэ щыІэн папщІэ.

Кебеков Владимир, *«Зыхуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и щІыналъэ къудамэм и фракцэм и унафэщІ.*

- Къэзгъэлъэгъуэну сыхуейт Президентым жиІар зэрыщІэщыгъуэр. Республикэм и УнафэщІым илъэсипІым зэфІигъэкІахэр зэхилъхьэжащ. БжыгъэхэмрэІуэхугъуэ пыухыкІахэмрэ щыхьэт тохъуэ экономикэм зэрызыжьым. ВВП-м хуэдитІрэ ныкъуэм нэблагъэкІэ хэхъуащ, республикэм дотацэу кьыІэрыхьэм хэпщІыкІыу кІэрыхуащ. Ар Президентым и Іуэхущафэр зыхуэдэр Къэзгъэлъагъуэ нэщанэщ. 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым езым и хэхъуэр процент 20-кІэ къыІэтащ. Кризисым дыщыхэт лъэхъэнэм Зэрыхуэм и щІыналъэхэм апхуэдэхэр щызакъуэтІакъуэщ. Президентым кьигъэлъэгъуащ щэнхабзэм, узышнагъэр хьэмэным, щІэныгъэм зегъэужьыным щыдиІэ екьулІэныгъэхэри. Иужьрей илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэм и хэщІапІэ мэхъу - республикэм щрагъэкІуэкІ урысейпсо, дунейпсо мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр.

Депутат мандатым щІэбэнын папщІэ, республикэм и политикэ парт псоми зэхуэдэ Іэмал кьахуэзгъэпэщныр зи жэрдэмыр Президентыр, Абы КЪБР-м и Парламентым и лъжьыгъэр нэхъ кушІафІэ ищІащ.

Щыхъалы Зайрэт, *КПРФ-м и щІыналъэ къудамэм и фракцэм и унафэщІ:*

- Кризисым и зэманым республикэм апхуэдэ зэхуэдэкІыныгъэфІхэр зэрыщІекІуэкІыр зэхэпхыну гуапэщ. Къэрал унафэр зыІэщІэлъхэм дапэщІэтми, ди нэгущІокІ щыхуэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ ди деж лъэжьигъэшхуэ зэрыщекІуэкІыр. Абы и лъэныкъуэкІэ КЪБР-м и Президентым дыхуэарэзыщ икІи и Іуэхуэхэр дыдоІыгъ. Зэрыщыту кьащтэмэ, Зэрызыхуигъаз и убзыхуэкІэ сигу ирихьащ икІи абы щыгъэбелджыла Іуэхугъуэхэр гъэзэщІэным ди кьаруп псори етхьэлІэнущ.

Гриневич Валерэ, *ЛДПР-м и щІыналъэ къудамэм и фракцэм и унафэщІ:*

- Зэрызыхуигъаз куэду зэхэтщ икІи мыхьэнэшхуэ зиІэщ. Фракцэм и зэІуэщІэм дэ ар нэхъ куэду щызэпкърытхынущ, ди лъжьыгъэм къыщыдгъэсэбэпынущ. УхуэныгъэмкІэ, ЖКХ-мрэ ТЭК-мкІэ комитетым и унафэщІу сыщыткІэрэ, къэзгъэлъэгъуэну сыхуейт хуэзэр зэрыщІэну пасэу зыщІата электрокъарур мы гъэм республикэм зэхуэгъакІуэ уасэкІэ къыззрыІэрыхьэнур. Шэрэдж ГЭС-м и 2-нэ Іыхьэр ухуэныр кьалэныщхуэу кьонэж, ар зэфІэкІмэ, республикэр хуэкІуэщ езым и электрокъарур кьигъэсэбэпыным. ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іуэху зыІутыр Президентым зэпкърихащ икІи а Іэнатіэм гулъытэ ин зэрыхуищІым сыныгуфыкІ.

Цыхуэхэм зауахуэ псэупІэхэм теухуауэ республикэм и унафэщІым бжыгъэфІэхэр кьихьащ. Мы гъэми псэупІэхэр мымащІэу зэратынур гуапэ сщохьу. А псом цыхуэхэм я псэукІэр ирагъэфІэкІуэнущ.

Жанатаев Селим, *КъБР-м и Парламентым Лъжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ зыушнагъэр хъумэныкІэ и комитетым и унафэщІ:*

- Зэрызыхуигъаз пхумыгъэзэщІэн хэлъхьэм. Абы щыгъэми, унэтІныныгъэ при икъукІэ жэуапльныгъэшхуэ зыпылъщ. Дыжьуэ и процент 65-р социальнэ кьалэнхэр гъэзэщІным зэрыхуахьынум куэд кьыбжеІэ. Президентым игъэнэІуахэм щыщхэр идкъыпсту ягъэзащІ. Мы махуэхэм абы Парламентым щыщыхихльащ «ПсэупІэ» программэм «Сабий зеиншэхэм - псэупІэ» и программэ гуэдзэм халтьхьну я мурад зэхъуэкІныныгъэхэр. А программэм ипкъ иткІэ, 2015 гъэ пщІондэ сабий зеиншэ 1200-рэ псэупІэкІэ къыззрагъэпэщынущ. Узышнагъэр хъумэныкъэ щэнхабзэмрэ къуажэм зыужьныгъэфІ щагъэуэтынущ, а щІыпІэм щылажьэ Іэщагъэлі щІалэхэр трагъэгушхэнущ.

А псор тхузэфІэкІын папщІэ жылагъэр зэкъуэтын хуейщи, Президентым и Іуэхур дэтГыгъыну, Зэрызыхуигъаз щыубзыхуахэр дгъэззщІэну фыкІыхьуздэж.

«ЦІыхухэр унэ кхъахэхэм кьыщІэгъэЗэпхъукІынымрэ фэтэр куэд хьу унэхэр кьызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжынымрэ япыщІа Іуэхуэхэр иригъэжІуэкІын папщІэ «ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и ІэнатІэм реформэхэр щегъэжІуэкІынымкІэ зыщІэзыгъакъуэ фонд» къэрал корпорацэм заявкэхэр хуэзыгъэхьэзырыну икІи езытыну комиссэ кьызэгъэпэщныным техуэауэ» 2008 гъэм мазаем и 26-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым кьыдигъэкІа Указ №25-УП-м кьару имыІэжу кьэлытэнымрэ и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. «ЦІыхухэр унэ кхъахэхэм кьыщІэгъэЗэпхъукІынымрэ фэтэр куэд хьу унэхэр кьызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжынымрэ япыщІа Іуэхуэхэр иригъэжІуэкІын папщІэ «ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и ІэнатІэм реформэхэр щегъэжІуэкІынымкІэ зыщІэзыгъакъуэ фонд» къэрал корпорацэм заявкэхэр хуэзыгъэхьэзырыну икІи езытыну комиссэ кьызэгъэпэщныным техуэауэ» 2008 гъэм мазаем и 26-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым кьыдигъэкІа Указ №25-УП-м кьару имыІэжу кьэлытэнымрэ и Іуэхукі

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм гъатхэпэм и 15-м
№25-УП

● Абы дегъэпейтей

Адыгэхэм къащхьэщыж хуэдэурэ, Олимпиадэр къызэпаудыну хущІокъу

Иджыблагъэ Куржым и къалащхьэ Тбилиси щекІуэкІащ Урыс-Кавказ зауэм и зэранкІэ адыгэхэм льапсэрых (геноцид) зэрыращылІар Урысеймрэ дуней псомрэ кьыщалъытэным теухуа конференц. Дэ зыхуэдгъэзащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и апэ вице-президент Хьэфыщэ Мухьэмэд икІи ар кьызэрыщыхуам тедгъэпэсэльыхьащ:

-ИЛЪЭСИЩЭКІЭ екІуэкІа Урыс-Кавказ зауэм адыгэхэм я зыужьныгъэр пІалъэ кІыхькІэ кьызэрызэтригъэувыІар зым и лежьи щэхуэкъым. Абы кьыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и сессиеу 1992 гъэм зэхэтам унафэ кьыщащтащ адыгэхэм ягъэ кьаэзрытехьар Урысейм кьиныльтэн хуейуэ икІи кьэралым и унафэщІхэм тхыгъэ щхьэхуэкІэ захуигъэзащ. Илъэс дэкІри, апхуэдэ льдэу ящІащ кьэзунэхуэгъаШІэ КЪБР-м и Парламентым. Абы и ужькІэ 1994 гъэм Урысей Федерацэм и Президент Ельцин Борис кьэралым и цІэкІэ адыгэхэм захуигъэзаэу щытащ, Урыс-Кавказ зауэмрэ абы кьыкІэлъыкІуэ Истамбылаку Іэмрэ я льэхъэнэм льэпкьым кьыкІэлъызэрахьа залымыгъэхэм папщІэ хуагъэгъуну елъэІуу. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абы Іуэхур фІэкІакъым икІи УФ-р пІаІэкІэркъым адыгэхэм льапсэрыхьр кьызэрыхуагъэкІуар кьилъытэну. Ар, дауи, кьагъэсэбэп США-мрэ КьуэхэпІэм и кьэралхэмрэ. Куржым щекІуэкІа конференцри абыхэм ящыщ зыщ.

Кьыхэзгъэщынщи, Саакашвили и режимыр адыгэхэм щхьэкІэ гуэзващІэу аракьым, ар зыхуэгір Урысейм эрран хуэхъунырац. 2014 гъэм Сочэ щекІуэкІыну Олимп Джэгуэхр абыкІэ фІэгъэнапІэфщ. Куржы парламентым и депутат Циклаури Нугзар и гупсысэхэр щІифэфыкъым икІи щалэхэр трагъэгушхэнущ.

А псор тхузэфІэкІын папщІэ жылагъэр зэкъуэтын хуейщи, Президентым и Іуэхур дэтГыгъыну, Зэрызыхуигъаз щыубзыхуахэр дгъэззщІэну фыкІыхьуздэж.

Зэрыныэрыльагъущи, куржыкІэр зэкъуэуващ адыгэхэм я льапсэрыкър Урысейм-рэ дуней псомрэ кьыщІэрыгъэльыдар зым и лежьи щэхуэкъым. Абы кьыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и сессиеу 1992 гъэм зэхэтам унафэ кьыщащтащ адыгэхэм ягъэ кьаэзрытехьар Урысейм кьиныльтэн хуейуэ икІи кьэралым и унафэщІхэм тхыгъэ щхьэхуэкІэ захуигъэзащ. Илъэс дэкІри, апхуэдэ льдэу ящІащ кьэзунэхуэгъаШІэ КЪБР-м и Парламентым. Абы и ужькІэ 1994 гъэм Урысей Федерацэм и Президент Ельцин Борис кьэралым и цІэкІэ адыгэхэм захуигъэзаэу щытащ, Урыс-Кавказ зауэмрэ абы кьыкІэлъыкІуэ Истамбылаку Іэмрэ я льэхъэнэм льэпкьым кьыкІэлъызэрахьа залымыгъэхэм папщІэ хуагъэгъуну елъэІуу. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абы Іуэхур фІэкІакъым икІи УФ-р пІаІэкІэркъым адыгэхэм льапсэрыкъ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Зэфіагъэкіахэм арэзы тохъуэ, къапэщытхэр ягъэбелджылы

(КІэухыр. Пэщіэдзэр 1-нэ нап.).

Къэпсэлъам зэрыжіамкіэ, «2002 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыбэ и псэупІэ-коммунальнэ комплексыр реформэ щыІэн икіи егъэфІэкІуэн», «2009 - 2010 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зыхуэІэхъэзэрыныкІэ лэжьыпхъэхэр», «Фэтэр куэд хъу псэупІэ гъэхьэзырыныгъэ-щІэнэщыжьын», «ПсэупІэ кхъаХэм щІэсхэр гъэІэпхъуэн» республикэ программэхэр гъэзэщІэным гулъытэ хэха хуащІащ. Котельныхым хуабэ къэзыт Іэмэпсымэхэр щыІэзрахъуэкІащ. Псынэдахэ кІуэжьэм хьэку щыкІуэхэм хуэдэу 2 щагъуэщ, жьы хъуэ псы кІуэпІэ бжьамийуэ километри 5,5-рэ яхъуэжащ, Белокаменскэ жьыгъуэм фэтэр 18 зыхэт псэупІэ унэр щыІэзрагъэпэщыжащ. Зэраубзыхуам тету, мы гъэм котельнэ щыкІуу 8 ягъуэвынущ, хуабэ гуэшІпІэу сом 3ы мелуанрэ мин 800-рэ и уасэ, жьы хъуа псы кІуэпІэу километри 5,6-рэ яхъуэжынущ.

- «ЖКХ-м щрагъэкІуэкІ реформэхэр дэІыгъыныжкІэ фондым и Іуэхукіэ» Федеральнэ законыр дгъэзащІэ. Абы ипкъ иткІэ, псэупІэр зейхэм я зэгугъэныгъэу 8-рэ зы Управляющэ компаниерэ къызэдгъэпэщри, фэтэр куэд хъу унэу 33-м егъэбыдыліаш. «2009 гъэм Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым фэтэр куэду зэхэт псэупІэхэр къызыхъуэтынышу щызэгъэпэщыжьын» программэм тету уни 5 зыхэт хуэдгъэзащ. А Іуэхум ом мелуан 11-м нэблагъэ хуэхтащ, - жиІащ кІуэр администрацым и унафэщым. - «Гъэгугуэхуэ» ООО-м нэгъабэ сом мелуани 9,2-рэ и уасэ лэжьыгъэ иригъэкІуэкІащ. Малко - Ингушыгъэгум километр 11 щызэрагъэпэщыжащ, «Нартсанэ - Нарзанэм я Ауэ - Джылы-Су - Іуащъхьмахуэ» федеральнэ гъэзгур ещІ.

Хьэрычэт Іуэху мыиным зегъэужьныжьыр куэйм и экономикэ политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщІ. Нобэ дэ ди Іэщ предприятэ щыкІуу 158-рэ. Абыхэм щыкІуу 2678-м Іэнатіэ щагъуэт, щьхэзакъуэрылажьэхэр 1460-рэ мэхъу. 2008 гъэ льандэрэ Іуэхущапіэ щыкІуэхэм я бжьыгъэм процент 17,9-рэ хъаХэхъуащ. Бюджет лІэужьыгъуэхэр къызэгъэпэщыным абыхэм хэлъхьэныгъэфІ хуащІ. Хьэрычэт Іэнатіэ щыкІуэм ядэІэпыкъуныжькІэ Фонд къызэдгъэпэщащ. Абы нэгъабэрэ итащ сом мелуани 7-рэ мин 400-м хуэзэ заему 77-рэ.

Къэпсэлъам къызэрыкІэгъащІкІэ, сом мелуан 325,8-м тещІыхьа инвестицэ проекту 10 гъэзэщІэныр и кІэм нагъэблагъэ. Абыхэм щыкІуу 274-рэ лэжьапІэкІэ къуэрагъэпэщынущ. Сом мелард 12-рэ мелуан 678-рэ и уасэ инвестицэ проекту 6 гъэзэщІэным щылэдзэну я мурадщ. Ар зрагъэхъуІуІэщ, бюджет лІэужьыгъуэ псоми илъэс къэс сом мелуан 305,9-рэ халъхьэфынущ.

«ЕгъэджэныгъэІ» лъэпкъ проектым щыубзыхуахэр гъэзэщІэным гулъытэ хуащІ. 2006 гъэ льандэрэ куейм и курыт ещанІи 6-м инновацэ технологиехэр тегушхуэу кьагъэсэбэп, зэхьэзэхуэм зэрыщытекІуам папщІэ дэтхэнэми сом мелуан зырыз гранту иратащ, зым КъБР-м и Правительствэм итъуэва сом мини 100-р хуагъэфэщащ. Лъэпкъ проектыр къызэрыхалъхьэрэ районым и егъэджакІуэ 36-рэ абы и зэхьэзэхуэм щытекІащ.

Шэт Мэчрэпил защъэщыхауэ кьытеувыІащ «Къуажэ автобус» проектыр зэрагъэзащІэм, ныбжьыщІэхэм я узэшыгъэр зыхуэдэм, ахэр зэрагъэпэщыжащ, «Нартсанэ - Нарзанэм я Ауэ - Джылы-Су - Іуащъхьмахуэ» федеральнэ гъэзгур ещІ.

Хьэрычэт Іэхэу мыиным зегъэужьныжьр куейм и экономикэ политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщІ. Нобэ дэ ди Іэщ предприятэ щыкІуу 158-рэ. Абыхэм щыкІуу 2678-м Іэнатіэ щагъуэт, щьхэзакъуэрылажьэхэр 1460-рэ мэхъу. 2008 гъэ ль

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ — Повесть

НатІэм къритхар

((КІэлыкІуэр. ПэщІэдзэр №44 - 46-хэм итщ).

- Сыт хъыбар зи гугъу фщыр? Сэ сымыщІэ гуэр щыІэу ара? - Динэ си нэхэм къыщІоплъэ.

Іуэхур зыІутыр хуэзмыІуатэу хъуакъым си шыпхъум. Сэ сыхуеятэкъым Динэ ар иджкъис тукІэ къезгъэщІэну, ауэ Мурат къыжьэдэхуащ, дызэрызэгурыІуар щІгъуащхэри. Динэ зимыгъэбейуэ щытащ тэлайкІэ, и нэпсхэм кьыззэпажьхьауэ, итІанэ Іэплі къысхуищІри, къэгъащ. Иджыри Іуэхум и пэжыпІэр зэрыдмыщІэр, сымысымаджэу кьызэрыщІэкІыжьфынырэ кьыгурыдгъэІуэ ноужьщ щыуыІар. Сэрэ, Динэ тезгъэужьи си гугъэу, сыпогурІыкІ, со дыжьэщ.

- ЗэрыжьпІэщ, Мурат. Аущ ялэ щыкІэ, мы си шыпхъум схуигъэзэ шейм щыщ сІымыхуауэ зэщыщыпІи сынэкІуэнуркъым. Уэ езыр ушхакІэ?

- Уэлэхьи, сымышха. Сывдэшхэщ сфІэфІу.

Фльуэ дышхэщ, дыгушыІэщ, дыдрыхэщхыжкри, Мурат сэрэ унэм дыкьыщІэкІащ. Динэ къыкІэрыхуами, еджапІэм кІуащ.

- Дэнэ дызэдэкІуэнур? - машинэбжэр схуІуихьыурэ, жеІэ Мурат.

- Жыг нэхьыбэу здэщыІэм.

- КІэщІу жьпІэмэ, паркым.

- НтІэ.

Паркыр дахащэщ иджы хуэдэм: пщІащэхэр кьыпыльэлъэн щІадза кьудейщи, жьгрэгр пщІанэ хьуакъым иджыри, уэзыщІэмэ уигъэбамПІэркъым, дыгъэр мащІэу кьэпс, тхьэмпэмэ гуакІуэм уи іур еГъэнщ, кьодзэхащІэ. Кхьэуреягьыр дыщафэщ, гъуцэщ, дахэщ. Япэу дунейр сльагъэм хуэдэу сыщыгт, си гупсыс:хэр зэхэзэрыхьат, си гуфІэгъэм ух иІэтэкъым. Дыгъэпэщыхь сызэрыщытамрэ иджкъпстурэ щырэ лъэсрэ я эзэхуакІуэ. НэгъуэщІ зыгуэру щытатэмэ, куэд мыщІэу сылпэнчІ, жиІэнурэ, пІэм хэгъу эльхьэжьнчІ. Сэ согуфІэ. Ар зи фІыщІэр Мурат. Сэ сыгуфІэу кьалэ паркым ситт, бжьыхьэ пщэдджьжь жьы кьабзэмкІэ сримыкьужу. Сыхьэт зы-тІукІэ си адэ-анэ я пащхьэ сиувэн хуейт , хьыбар щынагъ уэр си Іэплі эм иІыу, аУэ ари кьыхсфІэуэхуэгъэкъым. Сыту пІэрэ апхуэдэу сыщІыщытыр? Сыт хуэдизрэ сыпсэу - ну кьыскуэнэжкъми сщІэркъым. Сымадджэщым ^кьыщыІэжаІэну хъунщ, ауэ цІыхум я гум сыкьинэну сыт зІэжьынф? Сыту упщІэ куэд си щхьэм иІы! Сыту куэдым уи акъылыр жэрэ, ажалыр гьунэгъу кьэхъумэ? Зи лІэгъэ кьыззэрыкІэр зыщІэ псори апхуэдэу щыту пІэрэ? Сытым семыгупсысами, зы кьару гуэрым сиІыгъщ, си щхьэр лъагэу кьеІэт, си Іупэхэр зэтрегъэжкри, сегъэгуфІэ, сегъэгушхуэ. Моуэ, пшэ щабэ сыхэтым хуэдэу сыщытщ, псори хуэмыбзэу си пащхьэм щыгъэблагъ сфІощІ. Мурат си Іэр щабэу кьещтэри, и Іэгум ирекІуэз.

Ей, Мурат, Мурат! Уэрыншэу дауэ сыхьунут сэ?!

- Сыту зыри жумыІэрэ, ущэхун?! - зыхузогъаз ебы.

- Уэзрыхэгупсысхьар сопьагъ ури, зэран сыпхуэмыкІу у аращ. СощІэ мыхъумыщІагъэ уэзремыгупсысщ, уи нэгур мэгуфІэри. Сыту бжьыхьэ дахэ, пэжкъэ?

ПщІэрэ, бжьыхьэм дежь вагъуэхэр нэхь нэхуу, дахэу уольагъу.

- СощІэ, дыгъуэпшыхь згъэзнэхуащ...

- КхъыІэ, абы и гугъу умышІыжь, сынолъэу! - и щхьэр бгъунж ищІауэ, Мурат кьызоплъ.

- Ерэхьу, сыбгъэдащ ари. Ар псори хьунт, ауэ си адэ-анэм кьаззэрыт урыдгъэІуэнур дауэ мыр? - си щхьэм сытоу - Іуэж, мы шыкъэрыр, жьыхуэсІэу.

- Сэ кьагурызгъэІэунщ. Зэуэ дымыгъэгужьеиж щхьэнІэ, и щхьэм шыкъэр хэпщІ, жьитІэкъым. Хьэуэ, ари хуунукъым, тхьилъ кьуатам итыр кьагурыІуэнущ. А! Шыкьырыр фІым хуэдэрэ, Іейм хуэдэрэ ящІэркъым иджыри, жьитІэмэ нэ хъ тэмэму кьысщохьу. АПлу зезгъ жьыСІэнщ, - хьэлэмэтт, Мурат «псалъэмкІэ зэрыгупсысэм» уеДэІэну. Си дыхьэшхын кьэкІуат

Шэджагъуэ хьуху паркым дитащ, шхапІэ гуэрым тІэкІу дыщІэдзащэ, кьуажэм дежьащ.

Кьубжьэгъэм дыдзэрыІуьдзэгу, гъэвэ кьэсщІащ. Си адэ-анэм тхьэмыщІэм я гур зэрыхъщІынум сегупсысри, зэуэ си нэжэгужьмэ кІэ игъуэтащ. Сэ си бын апхуэдэ уэ кьефыкІатэмэ, щыр ІэбжьаныкІэ звэну кьыщІэкІынт асыхьэтым. Кхэбжэр щыІусхьи, си анэр хадзэмкІэ кьикІыжу сыІууащ. Мурат си ужьым иту ныдыкьэрт. Мамэ зэрысльагъ ну, щхьэ зезгъу кьмыгъэр жьыСІат, зэспри кьеІкІуат, ауэ гъунэгъу кьэмыхь у щыкІэ, си тэмакъым кьыдэкІуея гуаУэр ескъухьжащ.

- Кьеблагъэ, Мурат, сыту фІыуэ укъэкІуа! Тхьэ, лІым и гуапэ хъунмэ уэхьэзрыкІуэр. Нобэ нэхьэ жьыкуэ кьыдыжащ, мэЗуэ зпЗуэуэрп дэтщ, нэгу ямыІэ зэрызэгурегъэ ун имыщІэу.

- Уи бгагъэр нуэд хуху, Гуащэ! Сыт фыкъуэдэ? - гуапэу си анэм и Іэр еубыд Мурат.

- Хьарзынэ дыдэщ, тхьэ, упсэу.

Мурат ирегъэблагъэри, итІанэ мамэ сэ Іэплі кьыскъуэщІ. Мтуэ, зэспэкІыжу, сымыуТыпщыжу зыкъомрэ щхьэ сыщымытрэ жьыСІэр т. Си фІэщ хьужьарэ, Іэплі е есшэкІуэ сыщытщ, иужь дыдэ сльагъэжьы хуэдэу, зыгуэркІэ сэбэп кьыскъуэхьун, си зэщхьэщихьэн сиІу гугъэу. ІэпкьльэпкьлІэ мамэ сэ Іэплі кьыскъуэщІ. Іэплі ЗЗЗ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Щоджэн Леонид и тхылъитI

Иужьрей ильэс зыщыпIлым усакIуэм кьыдигъэкIа тхылъ цIыкIуитIым тIэкIу дыщытхъумэ, дримыцыкIытэжьину кьызольытэ.

ГУМ ПIЭПИХ усэфI куэд итщ «Нэхунэ цIыкIухэр» тхылъым. Сабийм и дуней тетыкIэр, и псэм хэлъ хуабэр, фантазие дахэр фIыуэ зыхъэзымыщIэм хуэзэгъэлъхьэнукъым апхуэдэ усэхэр. А хуабэр тхылъеджэм зэрызыхебгъэщIэн Iэмал кьыпхуэмыгъуэтмэ - усэ уиIэкъым. Щоджэным и Iэмалхэм уащыхэплъэкIэ - гу лыгъэгъуейкъым ахэр адыгэ сабий Iуэрыйуатэм «эзрагIыхьлы» гъунэгъум. Леонид и сабиигъуэм, дауи, Iуэрыйуатэ кьулейм и куупIэм хэтащ, иужькIэ фIыуэ зэрыхэджэныхьжари гурыIуэгъэщ. (Абы щыгъэ - апхуэдэ зэмант - Iуэрыйу атэр хуиту дунеим щызекIуэрт, щыхур телеэкранымрэ иджыпей технологиемрэ я бжьым щIэуватэкъым, ди анэдэлъхубзэри еджапIэхэм зэхэзэдзэн щащIын щIадзатэжьым).

Адыгэ Iуэрыйуатэр щIэжьыуэ (музыкальность) жьыхуэIэмкIэ тельыджэу кьулейщ. А щIэжьыуэр зэхэпхьфу, зыхэпщIэ у щытыним уасэ иIэкъым литературэм телажьэм джкIэ.

Кьуакъуэ и кьуэ
Хэндыркъуакъуэ
Псыр щыхуабэм
И дунейщ.
(30 н.)

КIэпхъым ещIыр
Унэ,
Жыгыжь гъуанэ
Унэ,
ПщIащхъуэм ещIыр
Унэ,
ЯтIагъуэ гъур
Унэ,
Кьуаргъым ещIыр
Унэ,
Чыгъур банэ
Унэ...
(33 н.)

Зы, тIу, щы,
Зы, тIу, щы.
ПщIащхъэр
Абгъуэм кьилъэтащ.
Зы, тIу, щы,
Зы, тIу, щы,
Мыщэр мащэм
Ищэтащ.
(34 н.)

Птхар сабийм дежкIэ щIэщыгъуэ икIи гурыIуэгъуафIэ хъуну ухуеймэ, Iэмал (жанр) гъуэзэдджэ таурыхъыр. И таурыхъхэр аращ К. И. Чуковскэр къралым сабийуэ исым я усакIуэшхуэ зыщIар.

Ей, хывыжь,
Ей, пшэрыжь,
Псы ежэхым
Щхьэ ухэс?
ЗызогъэпскI,
ЗызогъэпскI,
Кьабзэу зызогъэпскI.
Кьабзэу зызгъэпскIамэ,
Мжьур си фэр щу,
ЯтIэр скIэрыкIамэ,
Сохьур фIыщIэщу.
(39 н.)

Къабзэлъабзэу ущытыныр зэрыпнэхьыфIыр кьызыфIимыгъэIуэжу хуэдэурэ усэ цIыкIум сабийм ирегъэкI.

Леонид и тхыгъэхэм ядэпльагъу щэн нэхьыфIхэм ящыщщ ущие гъущэр, гъэсэн кьалэныр усэхэм я гущIыу кьызэрыдэмыуейр, щагъасэм дежи сабийм дэджэгуурэ зэ зэрепсальэр.

Ар кьепсыну
Хьэзыр щыхъукIэ
И кьепсынир мэкъутэж.
Ей, щумыщIэкIэ
кьепсыкIэ
Уи пэр лъэщIи
Унэм кIузж.
(21 н.)

Дунеишхуэм псори щызэпыщIащ, «щызэкIэрыщIащ»: мазэр щIым и гъусэщ, щIым дыгъэм и къуреягъыр кьельэтыхь, н.кь. Сабийм Iэджи хуэпIуэтэфынущ. Арми, кьыгурыбгъэIуэфынур, игу иригъыдзэфынур сыт хуэдиз? ЩIыр гъущIащ. И гукьеуэр хуэкьмыIэу «и жьэр иущIащ». Уафэм ар кьетыгъуэри уэшх кьрегъэшх.

Щыр тхъэжащ,
Щыр тхъэжащ,
Уэшхыпскlэ тхъэжащ.
(17 н.)

Леонид и усэ цIыкIухэм дунеим хагъэгъуазэурэ сабийр ягъэджэгу, ягъэджэгуурэ хагъэгъуазэ.

МАКЪАМЭ

Уэсп уэшхи
ЯIэщ макъ,
Удзи жыги
ЯIэщ макъ.
(6 н.)

Хэт кьэкIуар,
Хэт кьэкIуар?
Гъатхэм пасэу
Хэт кьэкIуар?
(7 н.)

УдэIуэну
Ухуэмейм э,
Уи тхьэкIумэр
Сыту пщIын.
(49 н.)

ТIууащIэу зэтоупIэщIыкI мы едзыгъуэ цIыкIур: жыIэдаIуэу ущытыну ухуэмейм э, тезыр кьыптехуэнущ, уи тхьэкIумэр пхутрачынущ. ЕтIуанэ мыхьэнэр: дунеим кьыщыIу макъхэм ущIэдэIуныр, ауэ сытми гъэщIэгъуэн. КъэкIыгъэми псэ зыIут псоми уахуэнабдзэгубдзапIъэу ущытынщ «дуней насыпI» жыдзэзыгъэIэхэм хохьэ.

Сабийхэм я дежгукIэжьм дэуей-дэпкIей куэд хэлъщ. Абыхэм я екIуэкIыкIэр уигу кьамыгъэкIыжу пIэрэ мы къэсхьа едзыгъуищыр зэрыт ригмэхэм? УсэфI дыдэу е усэфIхэу кьызольытэ мыпхуэдэхэр. «Дауэ хьунут», «Макъамэ», «Гъатхэм пасэу», «Зыгуэрыжь», «Мэ дахэ», «Псори согъэжей», «Уэшх», «Уэсмрэ уэшхымрэ», «Пыфэ», «ЛIыжьымрэ бжэнымрэ», «Мэзым щIэсхэм заущэху», «Къуакъуэ и кьуэ», «Кьаз шырхэр», «Банэ унэ», «Зы, тIу, щы», «Джэдкьей», «ФIыцIэщIу», «Дзыдзэмрэ дзыгъуэмрэ», «Уэ ухэт?», «Iэпкъльэпкъыр гъэлажьэ», «Мыщ-гущ», «Дыгъэ нур». Ди жагъуэ зэрыхьунщи, усэ ныкьуэтхыу е узыхуэмеиххэу мы тхылъым ягъэкIуари мащIэкъым (Ар езы Леониди жеслащ). «ЛыпцIэ-пцIанэ», «Гъэмахуэ - щIымахуэ», «ФоIэрысэ», «Балъкьыжь мэгъуагъуэ», «ЩIы хъурейр», «Пхъэгуль хужь», нэгъуэщIхэри.

Хьуныкьуэщащэу уеджэми, гу лъымытэнкIэ Iэмал иIэкъым редакторыр Iуэхум зэремылIэлIащам. Зыгуэрым и Iэрытх «анэмэт» зыхуащI редакторым и кьалэн нэхъ пажэр тхылъым и етIуанэ напэм езым и унэцIэр нэхъ нэрылъагъуу кьытридзэныр аракъым, атIэ тхыгъэр гъэкъэбзэныр, ар зейм нэхъ кьемыхьулIар иригъэлъагъужу лъэныкъуэкIэ ирагъэкIуэтэкIыныр аращ. Апхуэдэу Iуэхум дыбгъэдыхьэмэ, етIуанэ тхыль цIыкIум, «Къуажэхь 400-м» и пхъэр нэхъ кьикIауэ кьэлытапхъэщ. Мыбы бзэр (стилистикэр) щынэхь кьабзэщ, къуажэхьхэр нэхъ кьыщIэкъуэкIауэ щызэхуахьэсащ. Адыгэ Iуэрыйуатэм щыщу дызэсэжа кьуажэхьхэм Щоджэным и кьуажэхь нэхъ шэрыуэхэр яхэдгъэувэми, «дыкъамыгъэукIытэну» пIэрэ жысIуэрэ сыщегупсыс кьыхэхуэурэ седжащ. тхылъ цIыкIум.

Щыпэ, щыпэ,
Щыпэрей,
Щыпэ, щыпэ,
Папщэрей
(СабэщыпI)

Жырым и быдэр
Зи бгъэгу,
Бийм и быдапIэр
Зи гъэгу
(Танк)

УеуэкIи
Мыгъынанэ,
Псым хэбдзэкIи
Щимыыгъанэ.
(Топ)

МафIэ ныбэ,
Псы ныбэф.
(Самовар)

Дадэ жыпкIэ
КьрихьэкI,
НэмэЗ щыгъуэм
ЗыхуеплъэкI.
(Сыхьэт)

КIапсэ псыгъуэ,
ЩхьэгъуритI.
Зыр мэпсалъэ,
Зыр мэдалъэ.
(Телефон)

Хуабэу, щабэу
Джабэ тхъуэпль,
ПщIэ зыхуащIу
Iэнэм тель.
(ШIакхъуэ)

Уадэджэгуурэ сабийхэм бзэр ебгъэщIэнымэ, бзэр ебгъащIэурэ дыкьэзыуэхурееихь дунейм хэбгъэгъуэзэнымэ, «Iэмэпсымэ» хьарэзынэкъэ мы кьэсха щапхъэ цIыкIуэхэр? Апхуэдэ куэд итщ сызытепсэлъыхь мы тхылъ цIыкIум. Сэ кьызольытэ Щоджэным пэщIэдзэ еджапIэм кIуэ цIыкIуэхэрэ абыхэм ядэлажьэ егъэджакIуэхэмрэ тыгъэ хьарзынэ яхуищIауэ. КIэщIрэ гъэхуауэ, усэбзэкIэ тхауэ кьуажэхь дахэ куэд зэрыт тхылъ цIыкIум Iыхьитхуу гуэшIжащ.

1. Щыхумрэ абы кьигъэсэбэн къэпшыпI, Iэмэпсымэхэм теухуахэр.

2. Псэущхьэхэмрэ абы я дуней тетыкIэмрэ.

3. КъэкIыгъэхэр.

4. Дунейм и щыIэкIэр, и кьэхуэкъащIэхэр.

Етхуанэ Iыхьэм тхылъеджэм тыншу кьыщегъуэтыж (бжьыгъэкIэ гъэнэхуауэ) Iыхьаплымi кьуажэхьу хуыхьам и жэуапхэр.

Мы тIэкIурэ щIызгъуэжынт: иужьрей ильэс зыбгъупщIым сабийхэр зыгъэгуфIэн, зэгъэджэн хуей тхылъу кьыдэкIар мащIэ дыдэкъым (сэ сызыщымыгъуазэ щыIэщ, дауи). Апхуэдэхэщ Кьагъырмэс Борис и «Щхьуэжьыр мазэ» зэрыкIуар», Иуан Бубэ и «Фо хьэкIуэр», Къэзан ФэтIимэт и тхылъ цIыкIуитIыр, Хьэщыкъуей Олег и «КхъуейплъыжькIэрыщIэр». Зэран хьунтэкъым апхуэдэ тхылъхэм теухуа тхыгъэхэр.

БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас.

ЦIыпIынэ Аслъэн зэхьыхьэм къыщопсалъэ.

Адыгэхэм ялъытэрт гъатхэпэм и 21 - 22 мазэм ильэсыщIэр кьыхьэу. Абы щхьэкIэ «гъэрэ щIырэ зэхэкIащ» жаIэрти джэд фIыцIэ яукIырт, фIыщIагъэр, Iейр, нэщхъеягъуэр дэкIуэду кьадыштэу икIи, гъэр бэн хьуну, ильэсыщIэр угъурлыуэ къахущIэкIыну Тхъэм елъэIуэхэрт.

Ильэсыщ Iэр фхуэугъурлыну

ГЪАТХЭПЭМ и 21-м Налшык къалэ, Абхъазым и утым, адыгэ ильэсыщIэр щагъэльэпIащ. Апхуэдэ Iуэху дахэр я жэрдэмщ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэ лъэпкъ щэнхабзэмкIэ и отделыжьым.

Абы кърагъэблагъэт къуажэхэм, кьалэхэм дэс нэхъыжьхэр, зауэм и ветеранхэр, Iуэхум хэтыну, еплъыну гукъыдэж зиIэ псори. Лениным и уэрамым кьрикIуэурэ адыгэ фащэхэр зыщыгъ шууей гупыр Абхъазым и утым кьихьащ икIи фитонхэм языхэзым ит фомахъсымэ кIадэр нэхъыжьхэр зыщIэс пщыIэм дэж ягъэуващ.

Махуэшхуэ зэхьихьэр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м я лъэпкъ щэнхабзэмкIэ и центрыр и унафэщI **ЦIыпIынэ Аслъэн** икIи япэ псалъэр иритащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Фырэ Руслан.**

- Нобэ махуэ дахэ кьыдэхъуэIащи, апхуэдэу гъащIэр дахэу етхьэкIыну, ди щIыналъэр мамыру щытыну, ди нэхъыжьхэр узынщIэу куэдрэ ди япэ итыну Тхьэм жиIэ. Куэд щIакъым мыбдеж сэрымейр зэрыщыдгъэлъапIэрэ, иджы ди гуапэу гъэрэ щIырэ щызэхэкIым дыззэхуэсащи, гъэ угъурлы фытехьэну, махуэшхуэм фIыгъуэ куэд къыфхудэкIуэну псоми сынывохъуэхъу.

Гъэрэ щIырэ зэрызэхэкIым теухуауэ хъуэ-хъуащ нэхъыжьхэр **Мэртазэ Мухьэмэд, Къуэдзокъуэ Анатолэ, Махуэ Моцэ** сымэ, Сирием къикIа ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщхэр, нэгъуэщIхэри.

- Адыгэ ильэсыщIэр псоми тхуэмахуэну! Зым и гуфIэгъуэр вдрейм щыдиIыгъ, мамырыгъэ зэрылъ щIынальэ дахэ, лъэпкъ узынщэ Тхьэм дищI, - кьызэхуэсахэм апхуэдэу екъуэхъури ЦIыпIынэ Аслъэн тепсэлъыхьащ гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэр гъэлъапIэным пщIа хабзэхэм, пасэрей адыгэхэм я псэукIам, IэщIагъэу яIам, нарт ЛыхъужьхэМ я Iуэхущ Iафэхэм, нэгъуэщI куэдми.

Хабзэм тету, махуэшхуэм лъэпкъ щхьныгъуэхэри щапщэфIащ - лэкъум ягъэжьащ, лы ягъэващ, ильэсыщIэм и щIыхькIэ ягъэхьэзыра фомахъсымэ кIадащэкIэ трачащ. «ПIэрыт» хасэм и тхьэмадэ **ЮтIыж Мэжид** иригъэпщэфIа хьэлджеищыр щимэ-щимэу зэпачущIри, кьрихьэлIахэм ирагъэшхащ.

Дыгъэм, абы кьыпхърыкI хуабагъэм, дахагъэм я нэщэнэу агъэуват пыпхэ. Гъуор ягъэджа нэуж, ар пагъанэри ягъэсащ.

Махуэшхуэр ягъэдэхащ республикэм и куейхэм кьыкIа къэфакIуэ, уэрэджьIакIуэ гупхэм. Зэхьыхьэр адыгэ джэгу дахэкIэ зэхуащIыжащ.

ТАБЫЦ Динарэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Нобэ Жьэн узым ебзныным и дунейпсо махуэщ

И бий нэхъыщхьэр къабзагъэрщ

ЖьЭН УЗЫР хьэпльэу узыгъэсымаджэ узыфэ зэрыщIалэщ. А узыр кьызыпIкърыкI микробхэр гъэкIуэдыгъуейщ, абы кьыхэкIыу сымаджэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ къабзагъэм, ар сыт и лъэныкъуэкIи зыкIэтыпIыжыкьи хуейщ. Псом хуэмыдэу сакъын хуейщ лы, шэ, шатэ, джэдыкIэ хуэдэ хэр кьыщыпщэхукIэ. А ерыскьыхэм жьэн узыр къзэгъэхьей микробхэр нэхъ яхуэтхьащ, абы кьыхэкIыу ахэр щащэ щIыпIэхэм къабзагъэм и хабзэхэр кьыщIэпаудмэ, цIыхум и узынщагъэм и дежкIэ шынагъуэщ.

Сымаджэр щыпсчэкIэ, кьыщепскIэ, щыпсалъэкIэ, и Iупсыр тэмакьым кьыщытригъэкIкIэ кьыжьэдэкI микробхэр метриткIэ «эзбгролъэт», ихьуреягъкIэ щыIэ хьэпшыпхэри хьэуари яуцIэпIу. Апхуэдэу жьэн узыр зыпкърыт сымаджэр щыпсчэм ирихьэлIу сабий бгъэдыхьамэ, зэман мащIэкIэ фIэкIа абы и гъусэу щымытами, ар зэуэ кьищIэлэнущ.

Сабийм и Iэпкъльэпкъыр быдэу зэрызэрымыуфыдам кьыхэкIыу, жьэн узым и микробым «хуэзэ» сабии 100-м щыщу и Iыхьэ планэр сымаджэм мэхъу. ГъэщIэгъуэныращи, а зэуи цIыхум кьызэрыпкърыхьар кьымыщIэу зэман куэд дэкIынкIи хьунущ. ЖьэщкIэрэ кьэпщIащтIэу, кьыхэпсчыкIыу зэрыщыгтыр кьафIэмыIуэхуу мазэ зыб жанэкIэ иокIуэкI. А зэманым кьрнубыдэу Iэпкъльэпкъыр йоныкьуэкьу бактериемкIи хуэм-хуэмурэ тхьэмбылым «ТIысыпIэ» зэрыщищIыным узыфэр хущIокъу. Абдежым тхьэмбылым игъэта сэкъатыр зыхуэдэр фIы дыдэу кьыпхуэщIэнущ флюорограф IэмэпсымэмкIэ.

Узыфэ зэрыщIалэм зыщыпхъумэфынущ БЦЖ мастэмкIэ. Абы и фIыгъэкIэ нэхъ мащIэ хьауш жьэн узыр кьызэуалIэ сабийхэм я бжьыгъэр, сымаджэхэмэ узыр кьатемыхьэлъащIэу йокIуэкI. Iпэ мастэр сабийр дунейм кьызэрытехьэрэ махуи 3 - 5 нэхъ дэмыкIыу ималъхьэ, етIуанэр - ильэси 7 хьуа нэужь, кьыкIэлъыкIуэу балигъыпIэ щиувэм и дежи иджыри зэ кьытрагъэзэж. Ауэ ягъэ щыкIэ сабийхэм Манту мастэр хапльэри, абы кьигъэльагъуэм елъытауэ кьэтрагъэзэжу аращ. Мастэр зыхалъхьа щыпIэм и деж мм 10 хуэдизу пльыжь щыкIуу кьэпщIэ, абы кьеГъэльагъуэ узыфэ зэрыщIалэм и бактериехэм щыщ сабийм кьызэрыжьэхэуар. Манту мастэр Iэмал имыIэу итльэ кьэс сабийм хэпльхьэн хуейщ, ар абы и узынщагъэм зыкIи зэран хуэхъунукъым.

Жьэн узыфэр зыпкърыт сабийхэр балигъхэм нэхърэ кьэдкIэ нэхъ тыншу пхуёгъэхъуэ, ауэ абы папщIэ ар ЗкъматIэсауэ щытын хуейщ. Апхуэдэм дежи сабийм узыр ущеIэзэфынущ, мазищкIэ ар егъэфэн хуейщ жьэн узым зэрыпщIэ т хущхъэрэ, витаминхэр и гъусэу. Узыр хэтIэсамэ, абы нэхъри зиубгъункIэ шынагъуэ щыIэщи, ныбжьыщIэр сымаджэщым щагъэрыгъуэлъхьэ, иджы абы ираухьэлIэ хущхъуэхэри нэхъыбэнущ, ильэсым нэбгырабгъэкIи дохутыр хэр кьыкIэпльпIынущ.

Сабийхэм жьэн узыр кьапкърымыкьэн папщIэ гупльтэ хуэщIын хуейщ абыхэм я шхыныгъуэхэм. Абы ипкъ иткIэ пIы, бдзэжьей, гъэшхэкI ерыскьыкъэр, пхъэщхьэмащхьэхэр, хадэ хэкIэр сытым дежи я Iэнэм тельыпIхьэщ.

ПЕТРОВЭ Мединэ,
КъБР-м Гигиенэмрэ эпидемиологиемкIэ цыIэ центрым и и дохутыр.

Мэкъуауэ Диана, Ахэмыхэ Iэдисэрэ Уэсмэнрэ, ЦIыныкьуэ Арсен *сымэ.*

Плановскэм щыщхэм я зэфIэкIыр

Налшык къалэ дэт «Лалъэ» шахмат-шашкэ клубым иджыблагъэ щекIуэкIащ «Чудо-шашкэ» республикэ зэпеуэ. ЩIалэ, хьыджэбз цыкIуэхэм я зэхьэзэхуэм командэ 20 хэтащ.

ЩХЬЭЗАКЪУЭ зэпеуэм Ахэмын Iэдисэ (Плановскэ къуажэ) къытекIуэн къахэкIакъым щIалэ цIыкIуэхэми пщащэхэми. ЩIалэ цIыкIухэм я деж щытекIуари Плановскэ щыщщ - ЩхьэнакъуэАрсен.

Командхэм я зэхьэзэхуэми бжьыпIэр щаубыдащ Плановскэм и гупым, Ахэмын Iэдисэ, ЩхьэныкъуэАрсен, Ахэмын Уэсмэн, МэкъуауэДиана сымэ зыхэтым. СабийныжьыжьщIэ творчествэмкIэ республикэ центрым и «Эрудит» командэм етIуанэ, ШэджэмдэтI спорт комплексым и гупым ещанэ увыпIэхэр кьахьащ.

БжьыпIэр зыубыда командэм Кубокыр, медалхэр, щIыхь тхыльхэр ираташ.

Республикэ зэпеуэм щытекIуаэхэр накъытэм и 28 - мэкъуаэуэгъуэм и 9-хэм Сочэ щекIуэкIыну «Чудо-шашкэ» урысейпсо зэпеуэм хэтынущ.

УЭРДОКЪУЭ Ланэ.

● Гу зытъытапхъэ

МафIэм фыхуэсакъ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ жыггъэкI зэгухьэныгъэхэм ильэс кIуам мафIэс 20-м щIигъу къыщыхъуащ, уни 7 хисхьащ, сом мин пщIы бжыгъэхэр хэщIыныгъэу къахуихьащ.

- А ПСОМИ урипльэжа нэужь, гурыIуэгъэщ мафIэсхэм я нэхьыбэр льапсэхэр зейхэм я зэрану зэрыщытыр.

- МафIэсым дакьикъэ бжыгъэм зэщIещтэ уни, жыги, псэуальэхэри икIи ахэр кьебгъэлыну Iэмал щыIэкъым, - зыгъэпIейтей Iуэхуэхэм тхутопсэлъыхь Къэрал мафIэс кIапъыпIъыныгъэмкIэ Налшык къалэ къудамэм и унафэщI **Борисов Вячеслав**. - Уней хадэ зыгъэкIэхэм я «Барбарис» зэгухьэныгъэм нэгъабэ и щэкIуэгъуэм кьыщыхьуа мафIэсым унэм пхъэм къыхэщIыкIа и пкIэунэмрэ и мансардэмрэ хисхьауэ щытащ. Метр зэбгъуэзнатIэ 50 зэщIэзыщта лыгъэм гъунэгъу унэхэм зримыдзу мафIэсгъэункIыфIхэм кьызэтрагъэувыIащ.

Дачхэм мафIэсгъэункIыфIхэр и нэхъыбэм псынщIэу ялъэIэсыфыркъым, лыгъэм адэкIэ зимыубгъуу ягъэункIыфIымни гугъуехьхэр пыщIащ. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр, абыхэм я нэхъыбэр мафIэсгъэункIыфIхэр здэщIыпэм зэрапэжьжьащ, гъуэгуэгъэ зэрымыщIагъэуэрц, псы игъэхъуапIэхэр гъунэгъуу зэрыщIымыIэрц, и чэзум хьыбар кьызэрымыгъащIэрщ.

Я хадэхэм, губгъуэхэм зыщщызыгъэпсэхуну гу лъыфтамэ, икIэщIыпIэкIэ мафIэсгъэункIыфIхэм хьыбар евгъащIэ. МафIэсгъэункIыфIхэр кьеВджэн папщIэ «Билайн» сотовэ зэпыщIэныгъэр кьэзыгъэсэфэнхэм «001»-м, «МТС»-мэ - «112»-м, «Мегафон»-мэ «010»-м фыпсалъэ.

Мыри зыщщывмыгъэгупщэ: нэгъуэщI куейм е кьалэм щыIэ Iуэхущ Iапэм фытехуэнкIэ хьунущ. Абы кьыхэкIыу фызэпсалъэ мафIэсгъэункIыфI частым и диспетчерым зэхэщыкIыгъэныгъэр кьэзыгъэсэфэнхэм «001»-м, «МТС»-мэ - «112»-м, «Мегафон»-мэ «010»-м фыпсалъэ.

МафIэсым ебзныныкIэ Iуэхущ Iапэм хьыбар евгъащIа нэужь, лыгъэр къащIылыда щIыпIэм, унэм кьыщIэна цIыкуэр кьызэрегъэльапIым яужь фихьэ, ауэ фысакъ - газ балон щыIэмэ къэуэнкIэ, унащхьэр кьеуэхьхинкIэ хьунущи.

Мы чэнджащхэр сэбэн щыхъунур мафIэс кьэхъу хъужьыкъуэмэщ. Ауэ зыщывмыгъэгупщэ, ар гъэункIыфIымэ нэхърэ, кьэмыгъэхъунир зэрынэхъ тыншыр. Абы щхьэкIэ узыхуейр зымащIэщ: набдзэгубдзапIъэу щытIыныращ, сакъынырщ.

СЭБАН Арсен,
КъБР-м МафIэсым ебзныныкIэ и къэрал Iэнатlэм и пресс-Iуэхущ Iапl эм и лэжьакIуэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦIЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаев Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжыкъаерэ Алик.**

ДИХЭЩIАПIЭР

360030, Къбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМ ЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ льэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; цIыхубзмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ Iапl эхэм я дэлэжьэныкъуэмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пиСьмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджакIэмрэ зэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэмкIэ - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапl эм - 42-26-41; суэтэхым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту пытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынар и пшэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэмкIэ и управленем.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щIэныкъэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №IН-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-р кьыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхъэ Республикэ политграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къаншокъуэ Эллэ, редактору Нэщэпыдзэ Замирэ, корректорхэу Щоджэн Инэ** *(1,2-нэ нап.),* **Цей Заирэ** *(3,4-нэ нап.),* **корректорхэм я дэIэпыкъуэгъуэ Иуан Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Мэлбахьуэ Анжэлэ,** *сурэтыщI* **Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытраддар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 10.125 ●Заказ №784